

## BAB V

### KACINDEKAN

#### 5.1 Kacindekan

Tina hasil pedaran bab IV, kacindekan tina ieu panalungtikan téh nya éta kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus taun ajaran 2012/2013 hasilna hadé tur nyugemakeun lantaran siswa nu geus mampuh nulis guguritan lobana 94,8% tina jumlah 39 urang siswa nu ditalungtik.

1. Skor rata-rata kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus ditilik tina kualitas jeung lingkup eusi nya éta 3,02.
2. Skor rata-rata kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus ditilik tina watek pupuh nya éta 3,95.
3. Skor rata-rata kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus ditilik tina guru lagu nya éta 3,70.
4. Skor rata-rata kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus ditilik tina guru wilangan nya éta 3,60.

Jadi, skor rata-rata kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus taun ajaran 2012/2013 ditingali tina kasaluyuan aspék kualitas jeung lingkup eusi, watek, guru lagu jeung guru wilangan nya éta 14,38. Saupama dirobah ieu skor rata-rata jadi peunteun, unggal siswa ngabogaan peunteun 89,87.

## 5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha saran anu mudah-mudahan mangpaat pikeun guru, siswa, jeung panalungtiksatu luyna dina ngaronjatkeun kualitas pendidikan, hususna dina ngajar jeung diajar basa Sunda pangajaran nulis guguritan saperti ieu di handap.

1. Guru kudu mikanyaho kamampuh siswa dina nulis guguritan.
2. Siswa bisa nyangking pangalaman jeung ngalatih kamampuan nulis guguritan.

